

# COVID-19 KA SIMAYE RAPID NAN VIL NOUYÒK.

SI W SANTI W MALAD OSWA  
W PANSE W TE EKSPoze,  
PA TANN. METE KÒ W APA!

## PWOGRAM TAKE CARE NYC TEST & TRACE CORPS LA LA POU EDE W

**Ak yon chanm otèl ki gratis epi an sekirite ki gen ladan l**

- **Manje gratis (3 repa pa jou)**
- **Entènèt wifi, kab televizyon ak apèl lokal san limit gratis**
- **Livrezon medikaman chak jou**
- **Estaf medikal ki souplas**

Si yon otèl pa bon pou ou, nou ka ede w jwenn resous pou w ka mete kò w apa lakay ou.

Tout Nouyòkè elijib, kèlkeswa estati yo antanke imigran.

Pwogram Take Care a ka ede w jwenn konje maladi si w elijib, kidonk ou pa bezwen enkyete w pou jou travay ou manke yo.

Rele nimewo Test & Trace Corps la nan  
212-COVID19 oswa al gade nan [nyc.gov/takecare](https://nyc.gov/takecare)  
pou w jwenn èd gratis!




# KISA OU KA FÈ POU W KONBAT COVID-19

## TÈS




Konnen kondisyon w. Pran tè COVID-19 la san ou pa bezwen peye anyen.

## RETRASE



Reponn apèl Pwofesyonèl ki la pou retrase kontak yo pou ede w kanpe pwopagasyon COVID-19 la nan kominote w la.

## PRAN SWEN



Izole w an sekirite pou w pwoteje lòt yo ak pran swen w nan yon otèl oswa nan kay.

NYC Test & Trace Corps angaje l pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pèsònèl ak sante w. Tout enfòmasyon nou resevwa yo konfidansyèl epi pwoteje dapre Kòd Sante Vil Nouyòk la. Test & Trace Corps pa pral poze okenn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon pèsòn.